



MASSACHUSETTS COVID-19 VACCINE PROGRAM

Fason pou Ogmante Vaksinasyon COVID-19 10 Septanm 2021

- ♦ **Mande yon klinik mobil COVID-19 gratis**

[Klinik mobil soupla](#) ak sèvis vaksinasyon gratis disponib pou anplwayè, lekòl ak òganizasyon kominotè ak relijyez, ansanm ak lòt gwoup toujou. Ou sèlman bezwen òganize espas la.

- ♦ **Chèche jwenn yon klinik**

Vizite VaxFinder.mass.gov pou lokalize youn nan 900 sit vaksinasyon nan Commonwealth la.

- ♦ **Pran vaksen an lakay ou**

Rele Liy Vaksinasyon Lakay (In-Home Vaccination Line) nan 833-983- 0485 pou pran randevou pou pran [vaksen an gratis lakay ou](#).

- ♦ **Envite yon ekspè pou reponn kesyon yo nan yon reyinyon**

Imèl VaccineEquityInitiative@mass.gov pou jwenn èd pou konekte ak yon ekspè klinik (egzanp, doktè maladi atrapan, alèji epi/oswa doktè sante matènèl) oubyen ranpli [fòmilè sa a](#) pou envite yon anbasadè [vaksen DPH](#) (pwofesyonèl sante piblik ki gen eksperyans nan milye kominotè yo).

- ♦ **Pataje dokiman pou edikasyon ak sansibilizasyon**

Sèvi ak [videyo](#), [feyè ak grafik](#), ki disponib nan 10 lang, pou ede kreye konfyans nan sekiritè e ak efikasite vaksen an.

- ♦ **Jwenn èd pou transpò ak plis toujou**

Gen sèvis ak èd ki disponib, ki gen ladann transpò ale-vini nan randevou, sèvis tradiksyon, èd pou deplase ak plis toujou. Voye yon imèl nan VaccineEquityInitiative@mass.gov pou jwenn plis enfòmasyon.

- ♦ **Konje maladi peye pou pran vaksen an**

[Pwogram Tanporè Konje Maladi Peye an Ijans pou COVID-19 \(Temporary Emergency Paid Sick Leave Program\)](#) la egzije pou anplwayè yo mete nan dispozisyon anplwaye Massachusetts yo konje peye pou maladi ki gen pou wè ak COVID, karantèn ak vaksinasyon, epi yo ka aplike pou ranbousman nan men Eta a. Gen [Kredi taks federal](#) ki disponib tou pou ti-biznis ak biznis tay mwayen k ap ofri anplwaye yo konje maladi peye ak konje peye pou okipe fanmi yo. Jwenn plis enfòmasyon nan treasury.gov. **Anplwaye yo:** mande si gen konje maladi peye kote ou travay la.



Jwenn plis enfòmasyon: www.mass.gov/COVIDVaccine

